

Divizyon enstriksyon espesyalize ak sipò pou elèv

Pwogram edikasyon espesyal bileng (Bilingual Special Education, BSE)

Gid Resous pou Fanmi



PWOGRAM EDIKASYON ESPESYAL BILENG (BSE)

Pwogram edikasyon espesyal bileng (Bilingual Special Education, BSE) ofri yon pwogram espesyalize pou elèv ki gen Plan Edikasyon Endividyèl (Individualized Education Program, IEP) ki rekòmande yon ansèyman koentegre (integrated co-teaching, ICT) oswa klas espesyal avèk yon lang enstriksyon ki pa anglè. Ekip IEP elèv la ki gen ladan paran yo rekòmande BSE dapre chak ka anpatikilye. BSE se yon pwogram espesyalize paske yo pa ofri l nan chak lekòl distri 1-32. Elèv yo ka bezwen transfere lekòl pou yo ka resevwa pwogram BSE ki rekòmande nan IEP yo.

Pwogram klas bileng ICT ak klas espesyal bileng (12:1, 12:1:1, oswa 15:1) fèt pou sipòte elèv k ap aprann lang anglè (English Language Learners, ELLs) ki ka benefisye onivo kiltirèl ak lengwistik ak enstriksyon enpòtan ki konsidere bezwen entelektiyèl, akademik ak lengwistik. Pwogram BSE yo ofri elèv yon chans pou aprann ladrès akademik nan yon lekòl distri pandan y ap resevwa sipò ki nesèsè nan lang natifnatal yo pou yo ka gen siksè.

PWOFIL ELÈV BSE

- **Klasifikasyon:** Elèv yo dwe elijib pou yonn nan 13 klasifikasyon andikap yo jan Regleman Komisyonè edikasyon Depatman Edikasyon Eta Nouyòk (New York State Education Department, NYSED) defini l: Seksyon 200; Elèv ki gen andikap.
- **Rekòmandasyon pwogram IEP:** Yo dwe chwazi yon lang ki pa anglè nan paj pwogram/sèvis edikasyon espesyal yo rekòmande nan IEP elèv la.

OPSYON PWOGRAM BSE

- **Pwogram nan de lang (Dual Language, DL):** Li sèvi ni elèv ELL ni elèv ki pale anglè byen k ap fonksyone kòm modèl yonn lòt epi k ap fè entèaksyon k ap sipòte devlopman kapasite nan de lang yo. Pwogram DL yo fèt pou kontinye devlope kapasite elèv yo nan lang natifnatal yo ansanm ak nan lang anglè. Elèv yo resevwa mwaye tan ansèyman ann anglè ak lòt mwaye a nan lang yo vize a (oswa lang ki pa anglè a). Objektif pwogram sa a se pou elèv yo kapab li, ekri ak pale ni anglè ni lang natifnatal la.
- **Edikasyon Bileng pou Tranzisyon (Transition Bilingual Education, TBE):** Li sèvi sèlman ELLs. Pwogram TBE yo fèt pou ede elèv devlope kapasite yo nan lang anglè pwogresivman. Elèv yo kòmanse transfere kapasite ki nan lang natifnatal yo nan anglè lè yo pase lè enstriksyon lakay yo dabò nan lang natifnatal yo avan yo fè tranzisyon an toutbon nan anglè. Nan kòmansman etap devlopman lang anglè a gen apeprè 60 pousan lè enstriksyon an ki pral fèt nan lang natifnatal elèv la epi 40 pousan ap fèt ann anglè. Pandan elèv yo ap devlope fasilite yo ann anglè, lè enstriksyon ann anglè a ap ogmante.
- **Ko-ansèyman entegre (Integrated Co-Teaching, ICT):** Nan salklas ICT gen elèv ki gen andikap ak elèv ki pa gen andikap k ap aprann ansanm ak yon pwofesè Edikasyon jeneral epi yon pwofesè Edikasyon espesyal. Pwofesè yo travay ansanm epi kolabore pandan jounen an pou adapte materyèl yo ak modifiye ansèyman pou pitit ou a, epi pou garanti tout klas la gen aksè nan kourikoulòm Edikasyon jeneral la. Kantite elèv ki gen andikap pa ka depase 40 % kantite total elèv ki gen nan klas la oswa yon maksimòm 12 elèv ki gen andikap.
- **Klas espesyal (Special Class, SC):** Yon klas espesyal ofri timoun ki gen andikap yon salklas inifòm, yon anviwònman ki gen pi piti elèv kote efektivite maksimòm klas la redui ak 12 oswa 15 elèv. Yo sèvi elèv ki gen bezwen ke yo pa ka satisfè nan salklas edikasyon jeneral la. Nan yon klas inifòm, yo dwe gwoupe ansanm elèv ki gen menm bezwen edikatif. Yo ka mete nan salklas yo elèv ki gen menm kalite andikap oswa elèv

Divizyon enstriksyon espesyalize ak sipò pou elèv

Pwogram edikasyon espesyal bileng (Bilingual Special Education, BSE)

Gid Resous pou Fanmi

ki pa gen menm kalite andikap toutotan yo gen menm nivo akademik ak menm karakteristik aprantisaj, menm nivo devlopman sosyal ak fizik ansanm ak menm fason pou yo jere bezwen yo.

- **Kourikoulòm ak enstriksyon:** Pwogram yo suiv Nòm aprantisaj inivèsèl debaz (Common Core Learning Standards, CCLS) yo. Pwogram DL ak pwogram BTE yo ofri elèv yon kourikoulòd solid onivo akademik nan de lang, ki pèmèt elèv ELL satisfè oswa depase nòm ki fikse nan CCLS la. Inisyativ CCLS bileng lan se yon gid pou kòman pwofesè bileng, pwofesè anglè kòm nouvo lang (English as a New Language, ENL) ak pwofesè lòt lang ki pa anglè (Languages other than English, LOTE) ka bay enstriksyon ki fè elèv gen aksè nan divès nivo konpetans lang ak alfabetizasyon. Inisyativ CCLS bileng Eta Nouyòk la kreye de seri resous, Nouvo pwogresyon Arts nan nouvo lang (New Language Arts Progressions) ak Pwogresyon arts nan lang natifnatal (Home Language Arts Progressions). Pou jwenn plis enfòmasyon tanpri pale avèk lekòl pwogram ou ye a epi gade sitwèb Depatman Edikasyon Eta Nouyòk la, [Edikasyon bileng ak Anglè kòm yon nouvo lang](#).

PWOSESIS RECHÈCH SOU BSE

Se IEP ki nwayo pwogram BSE yo. Sa vle di, toutotan yo rekòmande yon klas ICT oswa yon klas espesyal ak yon enstriksyon lang ki pa anglè, elèv la elijib pou yo mete l nan yon pwogram BSE.

Ransèyman: Depi yon fin fè yon IEP ak yon ICT bileng oswa yon klas espesyal bileng, ekip IEP a ap kontakte ekip santral pwogram BSE a pou fasilite plasman an.

- Fanmi yo ak lekòl yo ka kontakte ekip santral pwogram BSE a nenpòt lè pandan ane a pou mande ransèyman oswa pou poze yon kesyon pa imèl nan BSEprograms@schools.nyc.gov.
- Biwo Enskripsyon ELEV elèv (Office of Student Enrollment, OSE) bay elèv k ap antre nan kindergarten an septanm ("ki gen laj 5 lane") plas avèk èd ekip santral pwogram BSE nan kòmansman mas oswa avril ane avan an.
- **Avi resepsyon Ekip santral pwogram BSE a:** Si w voye yon imèl ba ekip santral pwogram BSE a, w ap resevwa yon resi konfimasyon pou demand ou an.

Si w fè yon demann pou pitit ou a, Ekip santral pwogram BSE a ap fè lekòl pitit ou a oswa CSE distri a konnen ke ou enterese nan edikasyon espesyal bileng.

- **Premye evalyasyon:** Ekip santral pwogram BSE a revize IEP elèv la pou konfime li rekòmande yon ICT bileng oswa yon pwogram klas espesyal. Anplis, ekip la konfime adrès elèv la pou yo ka idantifye pwogram BSE ki pi pre a epi ki gen plas disponib bò lakat elèv la.
- **Plasman nan lekòl:** Si ekip santral pwogram BSE a kapab ofri yon plas nan yon pwogram edikasyon espesyal ki nan yon distans rezonab ak lakay elèv la epi ki gen plas disponib, w ap resevwa yon lèt sou adrès lekòl (School Location Letter, SLL) ki idantifye yon lekòl ki gen plas disponib nan pwogram BSE a. Pwogram BSE a ka nan yon lekòl ki pa lekòl distri bò lakay ou a. Si lekòl la pa pre lakay ou, pitit ou a gen dwa pou l resevwa transpò.

Si ekip BSE a pa ka idantifye yon klas bileng ki gen plas pou elèv la, yon lòt parapwofesyonèl plasman sipoze sipòte elèv la nan yon ICT oswa yon klas espesyal nan yon lang inik pandan ekip pwogram BSE a ap kontinye chèche yon pwogram edikasyon espesyal bileng. Anplis, elèv la ta dwe kontinye resevwa sèvis anglè kòm yon nouvo lang (ENL).

- **Vizit ak admisyon:** Lèt sou adrès lekòl (SLL) la pral gen ladan non moun pou kontakte ak adrès lekòl ki gen pwogram BSE a. Tanpri rele lekòl la pou w pran yon randevou pou vizite lokal la. Apre ou fin vizite lekòl la, kontakte ekip IEP ki nan lekòl pitit ou a ye kounye a pou fè yo konnen si w aksepte oswa refize

Divizyon enstriksyon espesyalize ak sipò pou elèv
Pwogram edikasyon espesyal bileng (Bilingual Special Education, BSE)
Gid Resous pou Fanmi

pwogram yo ofri w la.

- **Enskripsyon nan nouvo lekòl la:** Si w aksepte plas yo ofri w nan BSE a, tanpri pote lèt SLL la ansanm ak yon kopi batistè pitit ou a ak de prèv adrès pou enskri pitit ou a nan lekòl ki gen pwogram BSE a. (Ale sou [sit wèb DOE](#) a pou jwenn plis detay sou "Sa pou pote" pou enskripsyon).

N ap tann pou ofri pitit ou a sèvis edikasyon espesyal bileng ki ka satisfè bezwen entelektyèl, akademik ak lengwistik li. Pou jwenn plis enfòmasyon sou Edikasyon Espesyal Bileng (BSE), ale sou sitwèb: [Pwogram Espesyalize](#).